

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan kadmyòm. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze nan kadmyòm sitou nan espas travay kote yo fè pwodui abaz kadmyòm. Popilasyon jeneral la ekspoze ladan lè yo respire lafimen sigarèt oswa lè yo manje sa ki kontamine avèk kadmyòm. Kadmyòm domaje ren, poumon, ak zo. Yo te jwenn kadmyòm nan omwen 1,014 sou 1,669 chantye nan Lis ki Gen Pwòpriyete Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa kadmyòm ye?

Kadmyòm se yon eleman natirèl ki nan kwout tè a. Anjeneral yo jwenn li kòm yon mineral ki melanje avèk lòt eleman tankou oksijèn (oksid kadmyòm), klò (klòri kadmyòm), oswa souf (silfat kadmyòm, silfi kadmyòm).

Tout tè ak wòch, ansanm ak chabon ak angrè mineral, gen kadmyòm ladan. Ekstraksyon pifò kadmyòm yo itilize nan Etazini fèt pandan y ap pwodui lòt metal tankou zen, plon, ak kuiv. Kadmyòm pa wouye fasil epi li gen anpil itilizasyon, tankou batri, pigman, kouch metalik, ak plastik.

Kisa k ap pase kadmyòm lè li antre nan anviwònman an?

- Kadmyòm antre nan tè, dlo ak lè apre li soti nan eksplwatasyon min, endistri, ak konbistyon chabon, ak dechè kay.
- Kadmyòm pa dekonpoze nan anviwònman an, men li kapab chanje fòm.
- Patikil kadmyòm ki nan lè a kapab deplase sou distans long anvan yo tonbe atè oswa nan dlo.
- Kèk fòm kadmyòm fonn nan dlo.
- Kadmyòm tache solid nan patikil tè yo.
- Pwason, plant ak bèt absòbe kadmyòm nan anviwònman an.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan kadmyòm?

- Si ou manje sa ki kontamine avèk kadmyòm; yo jwenn nivo ba yo nan tout manje (yo jwenn nivo ki pi wo yo nan legim vèt, grenn, legim, ak vyann ren).
- Si ou fimen sigarèt oswa si ou respire lafimen sigarèt.
- Si ou respire lè ki kontamine nan espas travay.
- Si ou bwè dlo ki kontamine.
- Si w ap viv toupre enstalasyon endistriyèl k ap degaje kadmyòm nan lè a.

Kijan kadmyòm kapab afekte sante mwen?

Si ou respire nivo kadmyòm ki wo sa kapab domaje poumon ou yon fason grav. Si ou manje sa ki gen nivo ki wo anpil oswa si ou bwè dlo ki gen nivo ki wo anpil sa ap irite lestomak ou yon fason grav, sa k ap lakòz ou gen vomisman ak dyare.

Si ou ekspoze nan nivo kadmyòm ki ba anpil nan lè a, nan manje, nan dlo sa ap lakòz kadmyòm anpile nan ren ou epi sa ka lakòz ou gen maladi ren. Lòt efè alontèm yo se domaj nan poumon ak zo frajil.

Kijan kadmyòm kapab lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)] ak Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] detèmine kadmyòm ak konpoze kadmyòm yo se yon sibstans chimik ki kapab lakòz moun gen kansè. EPA te detèmine kadmyòm ka lakòz moun gen kansè (gwoup B1).

Kijan kadmyòm kapab afekte timoun?

Yo prevwa efè sou sante timoun ap sanble avèk efè yo obsève sou adilt yo (domaj nan ren ak nan poumon selon kote sibstans ale nan kò yo apre yo te ekspoze ladan).

Kèk etid yo fè sou bèt endike bèt ki pi jèn yo absòbe plis kadmyòm pase bèt adilt yo. Etid yo fè sou bèt yo endike tou jèn bèt yo pi fasil pase adilt yo pou pèdi zo ak pou fòs zo yo diminye apre yo ekspoze nan kadmyòm.

Nou pa konnen si kadmyòm lakòz malfòmasyon nan nesans sou moun. Etid yo fè sou bèt ki ekspoze nan nivo kadmyòm ki wo pandan yo plenn lakòz efè ki danjere pou jèn bèt yo. Jèn bèt ki ekspoze nan kadmyòm anvan yo fèt montre efè sou konpòtman yo ak aprantisaj yo. Gen kèk enfòmasyon tou yo jwenn sou etid yo fè sou bèt ki montre lè bèt yo ekspoze ase nan kadmyòm anvan yo fèt sa kapab redui gwosè yo epitou sa kapab afekte eskèlèt sou jèn bèt k ap grandi yo.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan kadmyòm?

- Pa kite pitit yo jwe avèk batri. Elimine batri nikèl-kadmyòm yo kòrèkteman.
- Kadmyòm se yon eleman lafimen tabak. Pa rete nan lafimen ki nan espas fèmen tankou andedan kay oswa nan vwati pou pa kite timoun yo ak lòt fanmi yo ekspoze ladan twòp.
- Si ou travay avèk kadmyòm, pran tout prekosyon pou pa pote lakay ou pousyè ki gen kadmyòm ki soti nan travay ou sou rad ou, po kò ou, cheve ou, oswa zouti ou.
- Yon rejim alimantè ki ekilibre kapab redui kantite kadmyòm ou absòbe nan kò ou nan manje ak bwason.

Èske gen yon tèst medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan kadmyòm?

Yo kapab mezire kadmyòm nan san, pipi, cheve, oswa zong. Tès ki fèt avèk pipi pou detekte kadmyòm te montre gen presizyon nan kantite kadmyòm ki nan kò a.

Kantite kadmyòm ki nan san ou montre kijan ou te ekspoze dènye fwa nan kadmyòm. Kantite kadmyòm ki nan pipi ou montre kijan ou te ekspoze nan kadmyòm dènye fwa ak anvan.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA detèmine lè yon timoun ekspoze nan kadmyòm nan dlo pou bwè nan konsantrasyon ki rive jiska 0.4 miligram pou chak lit (0.04 mg/L) pandan apeprè 10 jou yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou timoun sa a.

EPA detèmine si yon moun ekspoze pandan tout lavi li nan 0.005 mg/L kadmyòm yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou li.

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)] detèmine konsantrasyon kadmyòm nan boutèy dlo pou bwè pa ta dwe depase 0.005 mg/L.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Health and Safety Administration (OSHA)] limite nivo travayè yo ta dwe ekspoze nan yon mwayèn 5 µg/m³ pou yon jounen travay 8 èdtan, sou yon semèn travay 40 èdtan.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2012. Toxicological Profile for Cadmium. Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.